

#### **SS.7.C.3.4**

*Identifie relasyon ak divizyon nan pouvwa yo ant gouvènman federal la ak eta yo.*

#### **SS.7.C.3.4 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2:** Elèv yo ap analize ki jan federalis la limite pouvwa gouvènman an.

Konstitisyon Etazini an te ekri paske yo te gen enkyetid sou feblès **Atik Konfederasyon yo.** De pi gwo feblès yo sete:

1. Gouvènman nasyonal te gen yon ti pouvwa. Te gen yon Kongrè nasyonal, men li pat gen pouvwa pou takse moun yo pou ranmase lajan, oswa pou òganize yon lame nasyonal oswa marín.
2. Paske pat gen gouvènman nasyonal ki fò, eta yo te kapab aji tankou si yo te nasyon ki endepandan. Sa a vle di ke eta yo te kapab gen relasyon endepandan ak lòt peyi (tankou fè trete oswa akò komès). Yo menm tou te ka rantre nan agiman ak lòt eta yo (tankou izaj rivyè yo oswa lak ki entoure plis pase yon eta).

Atik Konfederasyon yo pat ankouraje inite nasyonal (kamaradri) oswa yon sans de lendeependans nan mitan eta yo.

Konstitisyon Etazini an te ekri paske zansèt ki te Fonde nou yo te vle rezoud pwoblèm sa yo. Fondatè yo te gen yon gwo objektif. Yo te bezwen limite pouvwa eta yo (paske eta yo te gen pouvwa endepandan nan Atik Konfederasyon yo), an menm tan te kreye yon gouvènman nasyonal avèk pouvwa limite. Yo te kreye yon sistèm **federalis**, kote gouvènman nasyonal la te gen pwòp pouvwa li yo, pataje kèk nan pouvwa yo ak eta yo, e bay eta yo kèk nan pwòp pouvwa yo.

Egzanp, sèlman gouvènman nasyonal la gen pouvwa pou òganize ak sipòte lame yo (yon pouvwa ki **enimere/delege**), men sa depann de eta yo pou deside si ou pa sitwayen yo dwe anrejistre pou vote anvan yon jou elekson (yon **pouvwa rezève**). Tou de, eta a ak gouvènman nasyonal la gen pouvwa pou takse (yon **pouvwa konkouran**).

Bagay ki pi enpòtan pou kenbe nan tèt ou sou federalis, se ke li ta sipoze limite pouvwa gouvènman nasyonal la lè l pataje pouvwa a ak eta yo.

**Atik Konfederasyon an** – premye konstitisyon nan peyi Etazini

**federalis** - yon sistèm gouvènman kote ke pouvwa a divize ak pataje ant gouvènman nasyonal la, eta yo, ak lokal yo

**pouvwa enimere oswa delege** - Pouvwa yo ki espesyalman yo te rele ak asiyen nan gouvènman federal la oswa entèdi pou eta yo egzèse yo anba Konstitisyon Etazini an, yo konnen yo tou kòm pouvwa delege

**pouvwa konkouran** - pouvwa ki pataje ak gouvènman nasyonal la, eta a, ak/oswa gouvènman lokal la

**pouvwa rezève** - pouvwa ke yo pa akòde a gouvènman federal la, ki apatni a (yo rezève a) eta yo ak pèp la; gade Dizyèm Amannman an